



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN ALÈ PWOJÈ AMELYORASYON ENFRASTRIKTI KI KOUTE 21 MILYON DOLA NAN THRUWAY NYS NAN KONTE ULSTER AK GREENE**

***Pwojè a te enkli reparasyon konplè ak refè sifas sou plis pase 97 km vwa sou I-87 la***

***Amelyorasyon sekirite yo gen ladan nouvo ray gid, nouvo liy makaj reflektif ak amelyorasyon drenaj***

***Pwojè a te konplete nan kad bidjè a ak fè pati plis pase 451 milyon dola nan investisman kapital ki dedye sou sistèm Thruway Eta New York la an 2024***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon [pwojè](#) amelyorasyon enfrastrikti 21.3 milyon dola sou Thruway (I-87) Eta New York Thruway la nan konte Ulster ak Greene fini alè ak nan bidjè a. Pwojè a gen ladan reparasyon konplè ak pasyèl an pwofondè, ansanm ak rekonstriksyon sifas chose a sou yon seksyon 25 km I-87 la pa rapò ak poto kilometrik 93.8 lan rive nan pot kilometrik 109.3 a ant soti 19 (Kingston - NY Route 28 – Pon Kingston-Rhinecliff) ak soti 21 (Catskill - Cairo - NY Route 23). Apeprè 40,000 otomobilis itilize ti bout I-87 sa a nan toude direksyon yo chak jou. Pwojè a fè pati plis pase 451 milyon dola nan investisman kapital ki dedye ak sistèm Thruway la an 2024.

"New York angaje l pou l investi nan pwojè enfrastrikti pou kenbe yon sistèm transpò ki rezistan ak fyab ki konekte kominote yo epi sipòte ekonomi lokal nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Reparasyon ak refè sifas yo nan kad pwojè sa a pral amelyore pratikabilite sou yon seksyon ki okipe sou Thruway la nan Hudson Valley epi amelyore kalite lavi."

Pwojè a enplike reparasyon chose konplè ak pasyèl an pwofondè nan sèvi avèk 48,431 tòn asfalt ki gen bon kalite, ansanm ak rekonstriksyon akotman nan kote izole yo. Yo te fè yon moulen ak enkrustasyon tou nan zòn pakin ki sitiye nan poto kilometrik 103.1, zòn gaz nan Zòn Sèvis Malden ak nan ranp pou monte ak desann yo, ki gen ladan akòtman yo, nan sòti 20 (Saugerties - Woodstock - NY Route 32). Travay adisyonèl la gen ladan demenajman yon demi tou nan poto kilometrik 98.0 ak amelyorasyon sekirite tankou enstale nouvo ray gid, nouvo liy makaj reflektif, ak amelyorasyon nan drenaj ak ponso yo.

Se Callanan Industries, Inc. nan Albany, NY ki te kontraktè pwojè a.

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Frank G. Hoare, te deklare,** "Koidò I-87 sa a itilize pa plizyè milye otomobilis chak jou ki konekte yo soti nan Rejyon Kapital la ak Lower Hudson Valley. Amelyorasyon sa yo pral pwolonje dire lavi wout la epi kenbe yon sistèm transpò ki an sekirite ak fyab."

**Senatè Michelle Hinchey te deklare,** "Kenbe Thruway nou an nan sipèfòm vle di vwayaj ki pi an sekirite, plis fyab pou plizyè milye moun ki depann de li chak jou. Amelyorasyon sa yo sou I-87 pral tradwi nan vwayaj ki pi fasil ak yon gwo ogmantasyon kalite lavi, espesyalman pou vwazen nou yo nan konte Greene ak Ulster. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Direktè Egzekitif Otorite Thruway la, Hoare paske yo avanse amelyorasyon sa yo, ki pral rann wout nou yo vin pi an sekirite pou tout moun."

**Egzekitif Konte Ulster, Jen Metzger, te deklare,** "Nou kontan anpil lè nou wè gwo amelyorasyon ak ajisteman sa yo nan twonson I-87 la atravè Konte Ulster, epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te jwenn 21.3 milyon dola ki nesesè pou antreprann travay enpòtan sa a. Avèk apeprè 40,000 otomobilis sou twonson Thruway sa a chak jou, yon wout ant eta a ki byen konsève enpòtan anpil pou sekirite vwayajè yo epi tou li kontribye yon fason enpòtan nan yon endistri touris ak ekonomi k ap pwospere nan konte ak rejyon nou an."

**Prezidan Konte Lejislatif Greene, Patrick Linger, te deklare,** "Konte Greene trè rekonesan epi nou apresye anpil envestisman Eta a nan kenbe ak amelyore koridò transpò ki pi enpòtan nan rejyon nou an. Nou remèsye epi felisite Gouvènè Hochul paske li priyorize sekirite piblik nou an ak amelyorasyon sa yo."

### **Enfòmasyon sou Otorite Thruway**

Thruway Gouvènè Thomas E. Dewey la ki te konstwi nan kòmansman ane 1950 yo, se youn nan pi ansyen Sistèm Otowout Nasyonal Ant Eta yo epi youn nan wout peyaj ki pi long nan peyi a. Antretyen ak operasyon sistèm Thruway la finanse prensipalman pa mwayen peyaj. Otorite Thruway pa resevwa okenn lajan taks federal, eta oswa lokal epi jwenn peman nan men moun k ap kondui sou otowout la, tankou yon tyè nan chofè ki soti andeyò eta a.

Bidjè 2024 Otorite a ke yo te apwouve a te envesti yon total 451 milyon dola pou sipòte Pwogram Kapital li a, ki prevwa envesti 2.4 milya dola nan pwojè kapital pandan senk ane k ap vini yo—yon ogmantasyon 500 milyon dola apre ajisteman nan peyaj nan ki te adopte mwa janvyè 2024 la. Ogmantasyon envestisman an pral mennen nan travay sou apeprè mwatye nan plis pase 4,500 km vwa Thruway yo ansanm ak pwojè sou apeprè 90 nan 817 pon Thruway yo.

Thruway yo konsidere kòm youn nan wout ki pi an sekirite nan peyi a ak yon to fatalite ki lajman anba endis nan tout peyi a, epi to peyaj yo pami yo pami to ki pi ba nan peyi a konpare ak wout peyaj ki menm jan. Tarif peyaj debaz machin pasaje Thruway la pi piti pase 0.05 dola pou chak 1.60 km, konpare ak Ohio Turnpike (0.06 dola pou chak 1.60

km), New Jersey Turnpike (0.11 dola ak 0.31 dola pou chak 1.60 km) ak Pennsylvania Turnpike (0.14 dola pou chak 1.60 km).

Pou enfòmasyon depasman ki ajou, nou ankouraje chofè yo telechaje [aplikasyon mobil](#) la ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk nan tan reyèl ak asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Vwayajè yo ka vizite tou [Kat Vwayajè](#) entèaktif Otorite Thruway la ki prezante kamera sikilasyon an dirèk. Otomobilis yo ka enskri pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) tou k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

Pou plis enfòmasyon, swiv Thruway la sou [Facebook](#), [X](#) ak [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)